Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 98 MILYON DOLA NAN KONTE SUFFOLK

Matinecock Court la kreye 145 kay abòdab nan vil Huntington

Kontinye angajman solid Gouvènè a pou bay plis lojman abòdab nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman konstriksyon Matinecock Court la, yon devlopman lojman abòdab ki koute prèske 98 milyon dola nan vil Huntington, nan konte Suffolk. Devlopman ki fèk konstwi a kreye 145 kay koperativ abòdab ak kapital limite, ki gen ladan uit apatman sipò ki rezève pou moun ki andikape ak kat apatman ki rezève pou ansyen verite. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te kreye oswa prezève plis pase 2,500 kay abòdab nan Konte Suffolk. Matinecock Court kontinye jefò sa epi fè pati Plan Lojman 25 milya dola sou senkan Gouvènè Hochul la, ki sou wout pou kreye oswa prezève 100,000 lojman abòdab nan tout eta a.

"Pandan twò lontan, Nouyòkè yo te fè fas ak yon mache lojman kote jwenn yon kote abòdab pou yo rele lakay yo ka sanble enposib pou yo rele l", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Matinecock Court montre sa ki posib lè nou bati lojman Nouyòkè yo bezwen an. 145 kay abòdab sa yo pral bay yon pakèt fanmi opòtinite pou yo pran rasin, bati estabilite epi vin fè pati de yon kominote k ap pwospere. Lè nou fè devlopman sa a tounen yon reyalite, n ap ouvri pòt pou yon avni ki pi abòdab pou plizyè jenerasyon isit la menm nan Long Island."

Matinecock Court nan pri abòdab pou fanmi k ap touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income) lan. Devlopman an gen ladan l 17 bilding rezidansyèl ki gen de etaj ak yon melanj kay ki gen youn, de ak twa chanm pou rezidan yo.

Uit apatman sipò yo rezève pou moun ki kalifye ki gen andikap devlòpmantal, epi kat kay rezève pou veteran yo. Se AIM Services Inc. ki bay sèvis sipò yo. Gen 15 inite pou akomode moun ki gen andikap mobilite ak sis inite pou akomode rezidan ki gen andikap sansoryèl.

Devlopman ki totalman elektrik la te fèt an akò avèk Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Plizyè Fanmi Energy Star Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal Etazini an ak direktiv dirabilite HCR yo. Karakteristik efikasite enèji yo gen ladan yo chofaj ak refwadisman ki

totalman elektrik, aparèy chofaj dlo ak ponp chalè elektrik, izolasyon amelyore, ekleraj LED, aparèy Energy Star ak plonbri ki gen fèb debi.

Rezidan yo gen aksè ak yon klib ak pakin sou plas, epi kay endividyèl ki gen espas teras deyò. Matinecock Court la sitiye toupre Stasyon Northport Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road) la epi toupre sèvis otobis Konte Suffolk, lekòl, magazen, restoran ak yon bibliyotèk.

Devlope pa D&F Development Group an patenarya ak Housing Help, Inc., Matinecock Court se yon pwojè ki te pran plizyè dizèn ane pou l reyalize. Devlopman sa a, ki te pwopoze pou premye fwa an 1978, te defann pa Housing Help, Inc. ak Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Koulè (National Association for the Advancement of Colored People, NAACP), epi jodi a li reprezante yon egzanp enpòtan nan litij ki gen rapò ak Lwa sou Lojman Ekitab la, yon dosye ki te rive jouk nan Tribinal Siprèm Etazini an 1988. Tribinal la te konfime desizyon istorik Dezyèm Awondisman Lakou Apèl Etazini an ki te di vil Huntington te vyole Lwa sou Lojman Ekitab la lè li pa t pèmèt yon rezonaj sit la, sa ki te gen yon enpak ki pa pwopòsyonèl sou plan rasyal. Pwosè a finalman lakòz règleman ki te ede louvri chemen pou selebre pwojè a jodi a.

Finansman pou Matinecock Court gen ladan yon melanj sous piblik ak prive, tankou Kredi Enpo Federal ak Eta pou Lojman Moun ki gen Revni Fèb ki soti nan HCR ki prevwa jenere plis pase 36 milyon dola nan kapital ak 28 mulyon dola nan sibvansyon. Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlòpmantal Eta Nouyòk (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) te bay 1.7 milyon dola. Empire State Development (ESD) te bay yon sibvansyon 1 milyon dola nan men Fon Kapital Konsèy Rejyonal la. Konte Suffolk te bay apeprè 4.2 milyon dola atravè pwogram Opòtinite Lojman (Housing Opportunity) ak pwogram SOAR li yo. Depans fonksyònman pou inite sipò yo finanse atravè OPWDD.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Matinecock Court se yon temwayaj detèminasyon Gouvènè Hochul pou kraze baryè ki anpeche lojman epi fè kominote atravè Nouyòk yo pi abòdab e aksesib. Apre plizyè dizèn ane pèseverans, 145 kay kounye a gen yon kote abòdab pou yo rele lakay yo nan East Northport epi yon opòtinite pou bati yon estabilite dirab atravè modèl koperativ inik sa a. Nou fyè anpil dèske nou te ede reyalize devlopman sa a ke yo te tann depi lontan, epi nou remèsye D&F Development Group, Housing Help, Konte Suffolk, patnè Eta nou yo ak tout moun ki te angaje yo pou fè jounen sa a posib."

Prezidan, Direktè Egzektif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk ap abòde defi lojman ki afekte ni fanmi yo ni ekonomi nou an. 145 kay abòdab sa yo pral ede plis Nouyòkè pran rasin isit la nan Long Island, toupre travay ak opòtinite, tout pandan y ap bay anplwayè yo yon fondasyon pi solid pou atire epi kenbe mendèv yo bezwen pou yo grandi."

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal nan Eta Nouyòk la, Willow Baer, te deklare, "Moun ki gen andikap devlòpmantal ap viv epi travay avèk siksè chak jou nan kominote yo, souvan avèk yon sipò minimòm. Inite dedye sa yo, ansanm ak planifikasyon enklizif ajanda lojman Gouvènè Hochul la, pral pèmèt plis moun reyalize rèv pou yo viv poukont yo nan yon anviwònman abòdab e an sekirite, tout pandan y ap kenbe kominote Nouyòk yo divès epi pwospè."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Mwen fyè lefètke Kredi Enpo Federal pou Lojman Moun ki gen Revni Fèb la, ke mwen te travay pou pwoteje ak elaji, te jenere 36 milyon dola pou ede konstwi 145 nouvo kay abòdab nan Konte Suffolk. Matinecock Court bay lojman sipò tou pou veteran ak moun andikape. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li pou kreye epi prezève lojman abòdab atravè Nouyòk, epi mwen p ap sispann goumen pou resous federal ki nesesè pou sipòte efò enpòtan sa yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Yon kote ki an sekirite ak aksesib pou viv ta dwe yon dwa, men pa yon privilèj, pou tout Nouyòkè. Devlopman 98 milyon dola sa a pral ede revitalize Huntington tout pandan l ap konbat ogmantasyon depans nan tout Long Island. Mwen fyè dèske mwen wè plis pase 32 milyon dola nan Kredi Enpo pou Lojman Moun ki gen Revni Fèb ale nan pwojè sa a, epi m ap kontinye goumen pou resous pou kreye lojman abòdab avèk sèvis sipò eta nou an bezwen an."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Bati plis lojman abòdab, ki gen ladan inite sipò, se kle pou adrese kriz abòdablite eta a. Pandan n ap travay pou prezève lojman ki egziste deja yo, nou dwe konstwi plis inite lojman ki aksesib finansyèman pou Nouyòkè k ap fè de ou twa travay pou yo ka rive debwouye yo. Mwen fyè pou m pouse ajanda sa a ansanm ak Gouvènè a, epi m ap kontinye goumen pou yon ajanda ki pi ekitab pandan n ap elabore plan lojman senk ane eta a ak ajanda lejislatif pou sesyon k ap vini an."

Ofisye Anchèf pou Moun Andikape nan Eta Nouyòk yo, Kim Ridley, te deklare, "Matinecock Court fikse yon estanda vital pou lojman aksesib ak enklizif nan Nouyòk. Lè l entegre kay ki fèt espesyalman pou moun ki gen andikap fizik, sansoryèl ak devlòpmantal, devlopman sa a asire ke manm kominote nou an ka viv poukont yo avèk diyite, sekirite ak aksè egal. Angajman Gouvènè Hochul pou elaji lojman aksesib ap kreye opòtinite reyèl pou Nouyòkè ki andikape yo pwospere nan katye ki vivan e ki bay sipò."

Prezidan Konsèy Empire State Development Ian, Kevin Law, te deklare, "Long Island gen yon bezwen ijan pou plis lojman abòdab, epi envestisman Eta sible ka ede transfòme devlopman ki te planifye depi lontan an opòtinite reyèl pou Nouyòkè yo. Sipò ESD a te ede fè nouvo kay sa yo rive nan bout yo, sa ki te elaji aksè pou moun vin pwopriyetè kay epi ki te adrese youn nan defi ekonomik ki pi pèsistan nan rejyon an."

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island Iam (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC), Linda Armyn ak Doktè

Kimberly R. Cline, te deklare, "Siksè alontèm Long Island depann de kominote ki konbine opòtinite ak yon bon kalite lavi. Kay sa yo sitiye toupre transpò piblik, lekòl ak anplwayè, sa kreye nouvo opsyon pou fanmi ki pare pou konstwi yon avni isit la. LIREDC la te fyè pou l rekòmande finansman Eta a isit la, pou ranfòse fondasyon ekonomik Long Island pou ane k ap vini yo."

Pwopriyetè D&F Development Group, Peter G. Florey, te deklare, "Nan selebrasyon etap enpòtan sa a, nan non ekip devlopman an ak nouvo rezidan yo, nou remèsye Gouvènè Hochul, Ajans Finansman Lojman NYS, Biwo NYS pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal ak Empire State Development Corporation, Konte Suffolk ak Vil Huntington pou wòl esansyèl yo nan pwosesis sa a. Pandan ke finisman Matinecock Court la reprezante yon gwo reyalizasyon pou lojman, li make tou kòmansman yon kominote ki byen fèt e ki vibran."

Direktè Egzekitif Housing Help Inc., Pilar Moya-Mancera te deklare, "Matinecock Court se rezilta prèske mwatye yon syèk pèseverans ak yon batay ekstrasòdinè pou lojman ekitab. Nou onore fondatè yo ak plizyè jenerasyon lidè Housing Help Inc., Huntington Branch NAACP a, rezidan lokal yo, defansè ak avoka ki te konteste zonaj esklizyonè a epi ki te ede etabli yon presedan enpòtan nan Lwa sou Lojman Ekitab la. Jodi a, eritaj sa a ap dire nan 145 kay abòdab pou fanmi yo, veteran yo, granmoun aje ak moun ki andikape yo. Lalwa a vin tounen lavi. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk, D&F Development Group ak tout moun ki te ede reyalize kominote sa a. Matinecock Court la raple nou ke pèseverans ka fè plis pase bati kay—li ka fòme lwa, chanje politik piblik epi ouvri pòt pou jenerasyon k ap vini yo."

<u>Agenda Lojman Gouvènè Hochul la</u>

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak vivab pou tout Nouyòkè yo. Depi Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te travay pou ogmante kantite lojman pou rann lojman pi abòdab, lè li lanse yon Plan Lojman konplè senk ane ki vo 25 milya dola, adopte lejislasyon lojman ki pi enpòtan nan kèk deseni epi mete an aplikasyon nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Plis pase 450 kominote atravè eta a deja sètifye kòm an Favè Lojman.

Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2027 li a, Gouvènè Hochul te garanti plizyè refòm istorik nan Lwa Eta Nouyòk sou Revizyon Kalite Anviwònmantal (New York State Environmental Quality Review Act, SEQRA) la pou akselere devlopman lojman ak enfrastrikti epi diminye depans yo nan kad ajennda "Kite yo Konstwi" li a. "Kite yo Konstwi" gen ladan tou aksyon egzekitif pou akselere kategori pwojè esansyèl yo te toujou detèmine ki pa gen gwo enpak sou anviwònman an, men pandan twò lontan yo te bloke nan biwokrasi epi sibi reta ki long.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 la, konplete Plan Lojman senk ane aktyèl Gouvènè a pou kreye oswa konsève 100,000 kay abòdab atravè tout Eta a, enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab, ansanm ak elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 87,000 lojman abòdab jiska dat. Bidjè Egzekitif la envesti tou 250 milyon dola nan finansman kapital pou akselere konstriksyon plizyè milye nouvo kay abòdab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.